Ассаламу гIалайкум!

# ГЬУДУЛЛЪИ
ДРУЖБА

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 54-55 (9960-9961) | 3 август | Рузман | 2018 сон

# Август - 1999

> Я еще больше полюбил этот народ, когда увидел, как они мужественно защищают свой край, свою Родину.
>
> В. Путин.

## БОЛЪИХЪ РАЙОН

















# РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
# АДМИНИСТРАЦИЯ МР «БОТЛИХСКИЙ РАЙОН»

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

от 30 июля 20I8г. №43

**О подготовке проекта консолидированного бюджета МР «Ботлихский район» на 20I9 год и на плановый период 2020 -202I годов**

В соответствии со статьями I69 и I84 Бюджетного кодекса Российской Федерации и Положением о бюджетном процессе в МР «Ботлихский район» администрация муниципального района постановляет:

I. Утвердить календарный план мероприятий по составлению проекта консолидированного бюджета МР «Ботлихский район» на 20I9 год и на плановый период 2020 - 202I годов согласно приложению.

2. Руководителям структурных подразделений администрации МР «Ботлихский район», муниципальных учреждений, территориальных органов федеральных и республиканских органов государственной власти, администраторам доходов местного бюджета и администрациям сельских поселений обеспечить предоставление необходимых материалов и расчетных показателей к проекту консолидированного бюджета МР «Ботлихский район» на 20I9 год и на плановый период 2020 - 202I годов в установленные сроки.

3. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Дружба».

4. Контроль за исполнением настоящего постановления оставляю за собой.

**И.О. главы района** **А. Магомедов**

ПРИЛОЖЕНИЕ
к постановлению
АМР «Ботлихский район»
от 30.07.2018г. №43

**КАЛЕНДАРНЫЙ ПЛАН**
**мероприятий по составлению проекта консолидированного бюджета МР «Ботлихский район» на 2019 год и на плановый период 2020 - 2021 годов**

| № п/п | Наименование мероприятия | Срок исполнения | Ответственный за исполнение |
|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 |
| 1. | Подготовить и довести до сведения органов местного самоуправления поселений, бюджетных учреждений и организаций, подведомственных органам местного самоуправления района, методические указания по формированию консолидированного бюджета района на 2014 год и на плановый период 2015-2016 годов | До 1 ноября 2018 г. | УФ и Э АМР «Ботлихский район» (Муслимов З. М.) |
| 2. | Провести с Министерством финансов РД сверку исходных данных для расчета финансовой помощи на 2019 год и на плановый период 2020 – 2021 годы. | По срокам, установленным Минфином РД | УФ и Э АМР «Ботлихский район» (Муслимов З. М.) |
| 3. | Разработать основные показатели социально-экономического развития района на 2019 год и на плановый период 2020 – 2021 годов:<br>-прогноз социально-экономического развития муниципального района и пояснительную записку к нему;<br>-среднегодовую численность населения района в разрезе сельских поселений;<br>-фонд заработной платы работников организаций в целом по району в разрезе сельских поселений (в том числе работников бюджетных организаций в разрезе поселений);<br>-среднемесячную номинальную начисленную заработную плату работников организаций в целом по району в разрезе сельских поселений (в том числе работников бюджетных организаций в разрезе поселений);<br>- среднесписочную численность работников организаций в целом по району в разрезе сельских поселений (в том числе работников бюджетных организаций в разрезе поселений | До 30 октября 2018 г. | УФ и Э АМР «Ботлихский район» (Муслимов З. М.) |

| № п/п | Наименование мероприятия | Срок исполнения | Ответственный за исполнение |
|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 |
| 4. | Представить в управление финансов и экономики администрации района проектировки администрируемых доходов консолидированного бюджета района по видам доходных источников по району и в разрезе поселений на 2019 год и на плановый период 2020 – 2021 годов и ожидаемую оценку за 2018 год с приложением пояснительной записки:<br>-налоговые доходы по видам;<br>-штраф за нарушение налогового законодательства;<br>-доходы от сдачи в аренду имущества (земли) муниципальной собственности;<br>-доходы от продажи земельных участков, прав аренды земельных участков, имущества муниципальной собственности;<br>-поступления платы за негативное воздействие на окружающую среду;<br>-транспортных средств;<br>-штрафы за нарушение правил дорожного движения;<br>-госпошлина за регистрацию сельскохозяйственной техники;<br>- административные штрафы | До 30 октября 2018 г. | Межрайонная инспекция ФНС РФ № 12 по РД (Набиев М.Ш.) (по согласованию)<br>Отдел по управлению имуществом и землепользованию (Хайбулаев Х.А.)<br>МРК по экологии и природопользованию (Магомедов Л.Х.) (по согласованию)<br>Отдел МВД РФ по Ботлихскому району (Магомедов М.И.) (по согласованию)<br>Межрайонная инспекция Гостехнадзора по РД (Гаирбегов Р.Р.) (по согласованию)<br>ГБУ РД «Ботлихское районное ветеринарное управление» (Далгатов Б.Г.) (по согласованию);<br>Отдел судебных приставов УФССП России по РД (Муртазалиев М.Н.) (по согласованию);<br>Миграционный пункт отдела МВД РФ по Ботлихскому району (Гайдарбегов Ш.Г.) (по согласованию);<br>ТО Управления Роспотребнадзора по РД в Ботлихском районе (Таймасханов М.Р.) (по согласованию); |
| 5. | Представить в управление финансов и экономики администрации района сведения о кадастровой стоимости земель в разрезе сельских поселений по категориям земель на 2019 –2021 гг. | До 30 октября 2018 г. | Главы сельских поселений (по согласованию) |
| 6. | Представить предложения в управление финансов и экономики администрации района по детализации кодов, подвидов, видов доходов районного бюджета по администрируемым платежам | До 30 октября 2018 г | Администраторы доходов районного бюджета (по согласованию) |
| 7. | Опубликовать в средствах массовой информацию о принятых изменениях в решения представительных органов:<br>- муниципального района о едином налоге на вмененный доход для отдельных видов деятельности;<br>- сельских поселений о налоге на имущество физических лиц и земельном налоге | По мере принятия | Собрание депутатов МР «Ботлихский район» (по согласованию)<br>Главы сельских поселений (по согласованию) |
| 8. | Согласовать с главами поселений исходные данные (методику) для расчетов распределения финансовой помощи из фонда финансовой поддержки сельских поселений | До 25 ноября 2018 г | УФ и Э АМР «Ботлихский район» (Муслимов З. М.) |
| 9. | Представить в финансовое управление администрации района и главным распорядителям средств районного бюджета:<br>- лимиты в натуральном и в денежном выражении, тарифы и объемы расходов на электрическую и тепловую энергию (уголь, дрова), услуги связи, газ, воду на 2014 год и на плановый период 2015-2016 годов, необходимые для обеспечения нужд организаций, финансируемых из районного бюджета в разрезе типов учреждений;<br>-анализ исполнения утвержденных лимитов на тепловую энергию, электроэнергию, газ, воду за 2016-2017 годы, ожидаемое исполнение за 2018 год по районному бюджету в разрезе отраслей (учреждений) | До 30 октября 2018 г. | УФ и Э АМР «Ботлихский район» (Муслимов З. М.) |
| 10. | Представить в управление финансов и экономики администрации района проект адресной программы (пакет документов со всеми расчетами и обоснованиями) по объектам муниципальной собственности района, подлежащим капитальному ремонту, реставрации и строительству на 2019 год и на плановый период 2020-2021 годов.<br>Разработать и согласовать муниципальный заказ на выполнение этих работ. | До 5 ноября 2018 г. | Отдел строительства и архитектуры (Абакаров М. А.)<br>Отдел по управлению муниципальным имуществом и землепользованию (Хайбулаев Х. А.) |
| 11. | Представить в управление финансов и экономики администрации района сетевые показатели, проект сметы, расчеты и обоснования, разработанные стандарты и нормативы финансовых затрат на предоставление и выполнение государственных и муниципальных услуг к проекту бюджета на 2019 год и на плановый период 2020 - 2021 годов | До 10 ноября 2018 г | Управления администрации и муниципальные учреждения района |
| 12. | Внести на рассмотрение главы администрации проект районного бюджета на 2019 год и на плановый период 2020-2021 годов, методику расчета финансовой помощи сельским поселениям | До 10 ноября 2018 г. | УФ и Э АМР «Ботлихский район» (Муслимов З. М.) |
| 13. | Внести на рассмотрение собрания депутатов проект районного бюджета на 2019 год и на плановый период 2020 - 2021 годов | До 15 ноября 2018 г. | Администрация (Магомедов А. И.) |

# ЗАХІМАТАЛ СУХЪМАХЪАЗУЛЪ

Дунялалда тІад тІоцебе консерваби къватІире риччалеб завод хІалтІизе биччана Англиялда, I8I2 соналда. Гьел гьариялъул технология рагьун букІана Франциялда, I809 соналда.

Россиялда тІоцебесеб консерваби риччалеб завод рагьана I870 соналда. Амма археологазул баяназда рекъон, тІоцере «консерваби» (данде седараб щагІил 2 кесек) гьаризе байбихьун буго некІсияб Египеталда, чанго азарго соналъ цебе.

**МагІарухъ**

**Промышленность**

## ЗахІмат бихьичІого хуриб тІорги баларо

БацІцІадаб, гьоркьоб кинабгІаги химия, консервантал гьечІел нигІматал гьарула балъхъадерил консервазул заводалда.

Советияб заманалда Дагъистаналъул мугІрузул районазда хІалтІулеб букІана консерваби гьарулеб I6 завод. Жакъа гьезул гІемерисел (I3), батІи-батІиял гІиллабаздалъун, дол соназда гІадин хІалтІулел гьечІо. КІудиял хиса-басиял ккани гурони, щакаб жо буго гІагараб заманалда гьезул хІалтІи цІигьабун бажариги. Амма лъабго заводалъухъа (КІогьориб, КІикІуни, Болъихъ) бажарана хІалтІи гьабун.

Гьал къоязда щвана Болъихъ бугеб заводалде (ООО «Аквариус»). I980 соналдаса нахъе гьеб хІалтІулеб букІана Кьохъ росдал консервазул заводалъул филиал хІисабалда. Берцинго хІалтІулеб букІараб гьелъул иш, 90-абилел соназда ккун букІана цІакъго захІматаб хІалалде. 2006 соналда гьелъул нухмалъулевлъун тІамуна Россиялъул мустахІикъав летчик МухІамад МуртазагІалиев. ГьабсагІаталда заводалъул буго тІубанго батІияб сипат – тІадбан унеб буго хІалтІи, цехазда ва сверухълъиялда чІезабун бугеб низамгун рацІцІалъи. Гьеб киналъухъгоги балагьун, нижеца МухІамадилгун гьадинаб гарачІвариги гьабуна.

**- МухІамад, мун, профессионалияв летчик, гьаб заводалъул нухмалъиялде кин ккарав?**

- Росдал жамагІаталъул гьариялда рекъон. Кьезе бакІ гьечІого холеб пихъги, биххун унеб заводги бугин жамагІаталъ абидал, дица тІаде босана гьаб иш.

**- ХІалбихьиго гьечІев дуца, сундасаха байбихьараб завод цІигьабиялъул хІалтІи?**

- Дун гьаниве вачІараб заманалда гьанив вукІана лъикІав кІиго специалист. Гьезухъа росана дица дарсал, гьездасан лъана гІемераб жоги. Гьелде тІаде, дирго гІумруялъул ва хІалтІул хІалбихьиялъги квербакъана. Гьеб киналъулго кьучІалда, гІедегІичІого, гІемераб жоялъул хІисабги гьабун, дагь-дагьккун байбихьана хІалтІизе.

**- Жакъа щиб хІалалда бугеб завод?**

- Гьадинаб, ай соказул, компотазул, солениязул 40-гІанасеб тайпа гьабулеб, гьебгиха химия гьорлъе жубачІеб продукция биччалеб завод Россиялдаго цоги гьечІо. Байбихьуда ракІалда букІана лъагІалида жаниб 3 млн шартІияб банка продукциялъул къватІибе биччазе. Нижеца гьеб къадар бахинабун букІана 6 миллионалдецин. Нижеда кІола гьеб къадар къватІибе биччазе, гьелъие хІажатабщинабги буго. Амма нижеца биччала I млн банка. Гьелъие бугеб гІиллаги ккола тІокІалъ цІикІкІун бичизе кІолеб гьечІолъи.

**- Цехалда хІалтІулел рихьана дурго лъималазул лъималги, ай школлъимал…**

- ХІалтІунилан чи холаро, амма гьесул чи лъугьуна. БетІерги квералги хІалтІизе ккола гьитІинго – гьединазда лъала хІалтІул магІна, гІарцул къимат.

**- Гьоркьохъеб хІисабалда босани, хІалтІухъабазул мухь кигІан бугеб?**

- ХІалтІул къоялъухъ гьезие щола 500-I000 гъурущ. Къадеги кванназарула чІорого.

**- Киса нужеца босулеб пихъгун овощал?**

-Курак, гІеч, гени, коком, микьир, жага, багІли нижехъе бачІуна Болъихъ, Гумбет районаздаса. Чачаналдаса бачІуна кизил, Ставрополь краялдаса - коком, гІеч, Астрахань областалдаса - помидорал, гьоркьиса Казахстаналдасаги бачІун букІана охцер.

**- Пихъгун овощал гІезарулезул гІарзал рукІуна гІезабураб бичизе, кьезе бакІ щоларого рукІунин абун. Нужер багьаби данде кколищ гьезие?**

- Нижеца босула хадуб нижеда бичизе кІолеб къадар, гьелдаса тІаде араб кинха нижецаги босилеб. Нижехъе бачІунаро базаралда бичизе, чІахІиял шагьаразде баччизе кІолеб пихъ. Мисалалъе, гьабсагІаталда гьанибе бачІуна лъикІго барщараб, кибе бугониги баччизе санагІалъи гьечІеб, нижецаги босичІони турун хвезе рес бугеб курак. ГьабсагІаталда нижеца гьединаб курак босула I5 гъурущ кило хІисаб гьабун.

**- Кибеха унеб нужер продукция?**

- МахІачхъалаялда буго нижер 4 тукен. Районазда гьеб тІибитІизабулев 2 вакилги вуго.







# БИТIАРАБ НУХ

**- Болъихъ ругел аскарияз босулищ нужер продукция?**

- Цере гьанир рукIарал аскариязул гьабсагIаталда хутIун батила 5 процент. Нижедаги гьездаги гьоркьоб батила цо километрагIанасеб манзил. Амма гьез нижергун къотIи хъваларо, гьебго заманалда хIажатал нигIматал гьезие рачIуна, мисалалъе, Байкалалдаса. Гьедин гIуцIун буго гьезул хIалтIи. Жидеего, хъизанлъималазе продукция босизе гьел рачIуна заводалде.



**- ГIемерисез абулеб жо буго гьаб заманалда нигIматал гьарулелъул химия хIалтIизабичIого толарин. Дуца щиб абилеб?**

- Дица чIванкъотIун абила - гьел нижеца хIалтIизаруларо. Нижер продукциялда тIадхъван буго гьаб бугин бацIцIадаб, гьоркьоб кинабгIаги химия, консервантал гьечIел абун. Жакъасеб законалда рекъон, гьединал жал нижер продукциялъулъ ратани, гIакIа къотIула, бищун дагь - 500 азарго гьурущ.



**- Тукабахъ бокьаралгIан руго тIолабго дунялалдасаго лъиналгун сокал. Химия хIалтIизабун бичулелде дандеккун, бацIцIадаб нужер продукция, хIакъаб жо, чIола хираго. Кинха кIолеб бугеб «базаралда» бакI батизе?**

- Гьеб буго цIакъго кIвар бугеб масъала. ЦIикIкIараб хайиралда хадур ниж рекеруларо, гьединлъидал нижеда кIола рекъарал багьаби чIезаризе. Кинабго бичIчIулел, пайдаралалъул хIисаб гьабулел гIадамаз, гьезул къадарги дагьдагькккун цIикIкIунеб буго, босула бацIцIадаб продукция.

**- Мун гьаб хъулухъалда вугеб I2 соналда жаниб пачалихъалъул рахъалдасан кумекго щванищ?**

- Цо гьурщил кумек щвечIо. Цониги нухалъ кьечIо пачалихъияб заказги. ЩвечIо субсидия, грант ва цогидаб. БосичIо къарзалъе гIарацги. ВуцIцIунги чIун, бажарараб хIалалда хIалтIи гьабулев вуго.

**- Гьезде хIажалъи ккечIогойищ яги гьезул шартIал данде кколарого рукIунищ?**

- ШартIал данде кколарого рукIун. Нилъ бусурбабиги ругелъул, диналъул тIалабазде дандеги кколаро гьел. КIиабизе, дир хасият гьечIо гьардолеб. Пуланаб бутIа дуеги телин, гьадигIанаб къадар диеги кьейин абун ругьунав гьечIо. Законалда рекъон тIубалеб бугищ, бегьила, гурони - гьеб дир нух гуро.

**- Нужер гьаниб буго лъикIаб даражаялъул алат-къайи. Сундухъ гьеб босараб?**



- ХIакъикъаталдаги, хасго къватIисел пачалихъазул алат-къайи боси бигьаяб масъала гуро. ГIемераб цогидабго гIадин, консервабазул заводалги чIунтулеб доб заманалда, гIемерисез жидерго оборудование, хIажат гьечIеб жойинги абун, кьолаан металлоломалде. Дица учузго босана гьединаб алат-къайи, къачIана, цIигьабуна, рекъезабуна.

**- ГIемерисезул гIарз букIуна налогазул рахъалъ, гьез битIахъе гьанкъулел ругин. Дуца нухмалъи гьабулеб заводалда гьеб рахъалъ иш кин бугеб?**



- Гьедин абула жидеего щолелъул гурони ургъел гьечIел гIадамаз. Нилъеда тIадаб буго налогал кьезе, гьел кьезе кIола ва ккола. Гьоркьиса нижеца кьуна налогазул 800 азарго гьурущ. Налогал руго нилъер нухалги, лъайкьейги, сахлъицIуниги, бюджетниказе гIарацги. Нилъеца гьел кьечIони, сундухъ гьабизе бугеб пачалихъалъ гьеб хIалтIи.

**- Бихьулеб буго дуда хIалтIи гIуцIизе, завод цIигьабизе кIун букIин. Кин гьеб кIвараб?**

- Дица байбихьудаго сундулго хIисаб гьабуна ва гьелда рекъон гIуцIана хIалтIиги. Жакъа щолеб гIарац берцин бихьун гIемерисез босана кредитал. Гьеб буго бигьаяб, амма мекъаб нух. Дица тIаса бищана дагьаб захIматаб, амма битIараб нух. ХIалтIулев чиясе рекъолел жал гуро кредиталги «откаталги». ХIалтIулев чи хIалтIизе ккола.

**ГIабаш ГIабашилов**
**«ХIакъикъат» газеталдаса босараб**



# ПРОГРАММА

Газета гIуцIарал:

МР «Болъихъ районалъул администрация

Учредители:

Администрация МР «Ботлихский район»

БетIерав редактор
ГI. ГIумаханов

Отделалъул редакторал
П. Дибирова
А. Агъларов

Мухбирзаби
З.МухIамадова
М. ГIумаханова

Корректор
П.МухIамадова

Наборщица
П. Эльдарова

Дизайнер
С. Камилова

Программист
А. Ибрагьимова

Фотокорр
Ш.Муртазалиев

Индекс: 368970
Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Школалъулаб къватI

Телефонал:
Редакторасул 2-20-53
гIаммаб 2-20-37

Эл. адрес
druzhba555@mail.ru

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Тираж -550
Индекс-51349
Багьа-6 гъурущ

Газета печаталде кьуна 16.00 хамиз кьоялъ
Газета кьабуна 20.00
Заказ №______

Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ.
Регист. ПИ
№ 10 - 4614

Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жавабчилъи гьезул авторазда.

## Завершился прием документов для регистрации кандидата, списка кандидатов избирательными комиссиями, организующими выборы на территории Республики Дагестан в единый день голосования 9 сентября 2018 года

30 июля в 18.00 часов избирательными комиссиями, организующие выборы, завершился прием необходимых документов для регистрации кандидата, списка кандидатов в органы местного самоуправления.

Начиная с сегодняшнего дня избирательные комиссии, организующие выборы, начинают проводить проверку соответствия порядка выдвижения кандидата, списка кандидатов, порядка сбора подписей избирателей и оформления подписных листов требованиям избирательного законодательства для принятия решения о регистрации кандидата, списка кандидатов. Такая работа будет продолжаться в течение 7 дней, по истечении этого времени будет принято решение о регистрации кандидата и списка кандидатов либо отказа в регистрации. Выдача копии решения избирательной комиссии об отказе в регистрации кандидата, списка кандидатов, исключения из списка кандидатов, с изложением оснований отказа в регистрации кандидатам, исключении из списка, избирательная комиссия, организующая выборы проведет в течение суток с момента принятия соответствующего решения. Агитационный период начинается со дня выдвижения, списка кандидатов и прекращается в ноль часов по московскому времени за сутки до дня голосования.

В единый день голосования 9 сентября 2018 года на территории Республики Дагестан предстоит 31 избирательная кампания по выборам в органы местного самоуправления, в том числе в городских округах городов Дербент, Избербаш, Кизилюрт и Хасавюрт, и в муниципальных районах Ботлихском, Гергебильском, Гунибском, Догузпаринском, Карабудахкенском, Кизилюртовском, Левашинском, Новолакском и в Бежтинском участке. Всего по республике ожидаются 290 мандатов, из них по сельским поселениям 188 (185 мандата депутатов представительных органов сельских поселений и 3 мандата глав сельских поселений), 102 мандата депутатов представительных органов городских округов

## Кьохъа МУХIАМАД ГЪАЗИМУХIАМАДОВАСДЕ

Телефоналъ кIалъай гьоркьоб къотIидал,
Барщун чIун вукIана гьабго щибилан.
Салам цоцазе кьун гьоркьоб мех ани,
ГIайиб тIад босулев гьавги хисанин.

ТIубараб лъагIалил халатаб манзил,
Хабар хIинцго щвана дур дихъе гьудул.
Кисса ахIи босун щив вачIаниги,
ХIалае хIадурав гьалмагъ гьечIилан.

ГъазимухIамадов накълулъанилан,
МагIирукъ лъечIодай тIолго районалъ.
ХIажалъи ккарасул тIад вахъун мурад
ТIубалев цо хIаким ватIалъун индал.

ГIумруялъул ахир хвалил хIакъикъат
Гьеб цIакъ гIедегIула мун гIадиназде
Васасул къисматалъ хIухьел къараб ракI
РекIекълъун батила тIокIалъ хIехьезе.

Дур тIабигIат лъалез, бицун рагIараз
ХIурматалда инсул бахъулаан цIар.
Хьирул зонодаги хъван тун батила
Ругьунабго-Гъази-МухIамадов-ян.

**Салман ГIубайдулла**
**РикIвани росу.**

# МахIмуд - Апандил цIияб тIехь



***«Халкъияб тохтурлъиялъул хазиянаялдаса» абураб гьаб тIехь букIунгутIизеги бегьулаан, нилъее киназего баракат щваяв ЧIикIаса СагIид-афандиясул (къ.с) квербакъи щвечIебани. Гьев тIадегIанаб даражаялъул Устарасул (къ.с.) ишара букIана гьадинаб тIехь гьабуни лъикIаб букIинилан.***

***Гьеб гуребги, дирго махщелчилъиялде тIоцересел галаби тIамулеб мехалдаго СагIид-афандияс (къ. с.) кантIизавуна дун, дирго шигIрияб хIалтIи исламияб нухде сверизабизе. Гьелъие мухIканлъи лъазе бокьарал раккизе бегьула «Назмаби» абураб КIудиясул тIехьалде».***

Гьедин хъвалеб буго дагьаб цебег1ан къват1ибе бач1араб жиндирго ц1ияб т1ехьалъе цебераг1иялда аваразул машгьурав шаг1ир ***Мах1муд-Апанди Мух1амадовас.*** Г1адамазе ц1акъ пайдаяб т1ехь буго гьеб. Босизе бокьарав чи вач1ине бегьула редакциялде.

## ХУРДУЗУЛ ДАРАБИ ГЬАРУЛЕЦА ЦIУНИЗЕ ККОЛЕЛ ГIАММАЛ КЪАГIИДАБИ

1. Кинабго рахъалъ халги гьабун, унтиги чIезабун, тохтурасул бихьизабиялда рекъон байбихьила хурдузул дараби гьаризе.
2.Хурдузул дару гьабулаго унтарас цIунизе ккола хIалтIулги хIалхьиялъулги тартиб.
3.Бегьуларо хъалиян цIазе, мехтизарулел жал гьекъезе, наркотикал хIалтIизаризе.
4.Хурдузул дараби хIадур гьарула халатбахъараб заманаялъ.
5.Дару гьабизе хурдул тIаса рищулезда тIадаб буго жидерго унтиялда хурханщинаб жо лъазабизе.
6.Цере ратарал гIадамазухъа хурдул росизе бегьуларо.
7.ХIадурарал хурдул росизе ккола, профессионалияб къагIидаялъ тохтурасул хIалтIи гьабизе лиценрзияги бугев, фитотерапевтасухъа яги аптекаялдаса. Официалияб бакIалдаса хурдул росани, нилъер ракIчIей букIинехъин буго гьеб продукция лъикIаб букIиналда. Гьеб гуребги, этикеткаялда тIад хъван букIинехъин буго кинаб хер гьениб бугебали, гьенибго хъван батула кин гьеб дару хIадур гьабилебалиги, кин хIалтIизабилебалиги ва кигIан заманаялъ гьеб дару хIалтIизабизе кколебалиги.
8.Нужецаго хурдул ракIаризе ва хIадур гьаризе бокьун батани, гьезул хIакъалъулъ гIатIидго хъвараб литература цIале.
9. Экологиялъул рахъалъ бацIцIадаб бакIги тIаса бищизе ккола хурдул ракIарулеца

«Цого нигIмат гIемер кваназе лъикIаб гьечIо, киналниги нигIматазул дагьаб къадар кванаялъ инсанасе сахлъи кьола».

**Харахьиса МустIафал ГIумар, гIалимчи,**
**даруял хурдузул тохтур.**

## БагIаргьоло

БагIаргьоло рикIкIуна даруяб ва къиматаб кванил нигIматлъун. Халкъияб медицинаялда ургьисалабазул, понцIероялъул, рекIелгун бидурихьазул унтаби, чакрил диабет, подагра ва гьуразул унтаби сах гьаризе лъикIаб хIасилгун хIалтIизарула багIаргьолоялъул мочаби яги ургьисалабазда чIимхал ругони, хIалтIизабула тIугьдузул бахъараб тIокIкIел.

Цо стакан цIураб гьалараб лъелъе бала 20 грамм тIугьдузул ва къойида жаниб 3-4 нухалъ кванда цебе гьекъола бащдаб стакан тIокIкIелалъул. БагIаргьалил чурпа хIалтIизабула кванирукъ ва бакьал сах гьаризеги. БагIаргьалил мочабазул бахъараб тIокIкIел хIалтIизабула ургьисалабазулъ яги чорхолъ лъим ккун бугониги. Пилпилгун, ражигун, къанцIагун цадахъ багIаргьалил квенал хIалтIизарула чехь гьорочIого букIине.

ГIелмияб медицинаялда багIаргьоло хIалтIизабула бидулъ бугеб чакар дагьлъизабизе.

Гьанжего- гьанже байбихьараб чакрил диабет бугезе лъикIаб кумек гьабула гIисин гьабун буссараб мочоялъул 40 граммалде тIаде 2 стакан лъелги тIун, цойгидаб цIарагIалъуб гьалдолеб лъелъеги биччан, сагIаталъ гьалдезеги гьабун, хадуб цIузеги цIун, къойида жаниб 3-4 нухалъ, кваналелде цебе 1- 2 кIудияб гъуд цIураб жо гьекъани.